

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis Basa Sunda Dialék di Kacamatan Langgensari Kota Banjar bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

- a. Kandaga kecap Basa Sunda Dialék di Kacamatan Langgensari Kota Banjar anu kapaluruh jumlahna aya 426 kecap. Di Désa Kujangsari jumlahna aya 90 kecap (21,12%), di Désa Bojongkantong jumlahna aya 67 kecap (15,72%), di Désa Rejasari jumlahna aya 87 kecap (20,42%), di Désa Langensari jumlahna aya 70 kecap (16,43%), di Désa Muktisari jumlahna aya 76 kecap (17,84%), jeung di Désa Waringinsari jumlahna aya 36 kecap (8,45%).
- b. Tina 426 kekecapan Dialék nu digunakeun di 6 désa nya éta Désa Kujangsari, Désa Bojongkantong, Désa Rejasari, Désa Langensari, Désa Muktisari, jeung Désa Waringinsari sagemléngha ngawengku kecap asal aya 322 kecap (75,58%), kecap rundaya aya 25 kecap (5,86%), kecap rajekan aya 32 kecap (7,51%), jeung kecap kantétan aya 47 kecap (11,03%).
- c. Upama dibandingkeun antara wangun kecap lulugu jeung wangun kecap dialék aya sasaruannana jeung aya bedana. Hal éta bisa katempo tina segi fonologis, morfologis jeung semantis. Parobahan tina segi fonologis mangrupa bédana basa Sunda dialék di Kacamatan Langensari Kota Banjar jeung basa Sunda lulugu tina segi runtuyan sorana. Parobahan tina segi morfologis basa Sunda dialék di Kacamatan Langensari Kota Banjar nya éta aspek kecap jembar anu ngawengku kecap rundayan, kecap kantétan, jeung kecap rajékan.

Tina segi semantis, nya éta robahna tata harti basa lulugu jeung basa dialék téh muncul balukar makéna kecap anyar dumasar kana robahna sora katut wangun kecapna nepi ka harti nu dikandungna ogé robah. Bédana semantis basa Sunda dialék di Kacamatan Langensari Kota Banjar téh ngawengku dua hal, nya éta sinonim jeung homonim.

- d. Peta wilayah sebaran dialék di Kecamatan Langensari Kota Banjar Jumlah petana aya 117 peta.

5.2. Saran

Ieu panalungtikan téh masih kénéh sederhana pisan ngan saukur nalungtik Basa Sunda Dialék di Kacamatan Langensari Kota Banjar. Ieu hal téh dibalukarkeun ku samporétna waktu, waragad jeung kamampu panalungtik. Kulantaran kitu dipiharep pisan ayana panalungtikan anu leuwih lega, lain ngan saukur di Kacamatan Langgensari, tapi di kacamatan séjén nu aya di Kota Banjar.

Kahirupan basa-basa daérah di Indonesia ditangtayungan ku undang-undang dasar. Kitu deui, kaasup sakumna basa dialék, dijamin kahirupan jeung kamekarana ku nagara. Éta hal téh lantaran basa daérah katut dialékna bagian tina kabudayaan nasional. Malah di Jawa Barat mah geus aya Perda No. 5/2003 ngeunaan "*Pemeliharaan Bahasa, Sastra dan Aksara Daérah*".

Ku kituna, urang salaku pituin Sunda perlu miara tur ngamumulé basa indung sorangan.

